# ПЕДАГОГИКА, ПСИХОЛОГИЯ

## BILIMLENDIRIWDIŃ SAPASIN ARTTIRIWDA XALIQARALIQ TÁJIRIYBELERDIŃ ORNI HÁM ÁHMIYETI (SINGAPUR TÁJIRIYBESI MISALINDA)

**_Pirniyazov I.K._**
_kafedra professorı_
_Qaraqalpaqstan Respublikası pedagogikalıq sheberlik orayı_

**Tayanch so'zlar:** xalqaro tajriba, Singapur ta'lim tizimi, Singapur metodologiyasi, 16 ta o'qitish metodi.
**Ключевые слова:** международный опыт, система образования Сингапура, методология Сингапура, 16 методов обучения.
**Key words:** international experience, Singapore education system, Singapore methodology, 16 teaching methods.

**Резюме:**
Maqolada maktab ta'limiga xalqaro tajribani joriy etish sabablari va ularning afzalliklari muhokama qilinadi. Singapur ta'lim sohasida erishilgan yutuqlar alohida ta'kidlanib, tegishli xulosalar chiqarildi.
**Резюме:**
В статье обсуждаются причины внедрения в школьное образование международного опыта и их преимущество. Освещаются достижения в сфере образования Сингапура и делаются соответствующие выводы.
**Summary:**
The article discusses the reasons for introducing international experience into school education and their advantages. It highlights the achievements in the field of education in Singapore and makes appropriate conclusions.

Mámleketimizdiń social-ekonomikalıq rawajlanıwı, basqa rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın iyelewinde bilimlendiriwdiń tutqan ornı ayrıqsha esaplanadı. Mámleketimizde sońǵı jıllarda bilimlendiriw tarawın rawajlandırıw maqsetinde nızam hujjetlerine ózgerisler, qosımshalar kiritildi, úlken muǵdardaǵı investiciyalar qaratılmaqta, maman kadrlardı tayarlaw jolǵa qoyılmaqta, xalıqaralıq tájiriybeler úyrenilip olardıń jetiskenliklerinen nátiyjeli paydalanılmaqta. Dáslepki dáwirde tálim-tárbiya tarawınıń baslı maqseti mámleketlik bilimlendiriw standartların orınlawdan ibarat bolǵan bolsa, házirgi

kúnde sapalı bilim beriw hám oqıtıw barısınıń nátiyjeliligin arttırıw wazıypaları kún tártibine kiritilmekte. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi hám Ózbekstan xalqına jollaǵan múrájatında bilimlendiriw tarawın jáne de reformalaw boyınsha áhmiyetli wazıypalardı belgilep berdi [1]. Búgingi kúnde bul isler dawam ettirilip, mektep bilimlendiriwi mámleketlik siyasat dárejesine kóterilmekte [2]. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 29-apreldegi «Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekemgi rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5712-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan maqsetli kórsetkishlerde PISA (The Programme for International Student Assessment) Xalıqaralıq kólemde oqıwshılardı bahalaw baǵdarlaması reytingi boyınsha dáslepki qatnasqanımızda qatnasıwshı mámleketler arasında 70-orındı iyelew maqset etip qoyılǵan edi. Tilekke qarsı, PISA 2022 nátiyjeleri boyınsha Ózbekstanlıq oqıwshılar eń tómen kórsetkishlerden birin kórsetti. Atap aytqanda, PISA 2022 ushın Tábiyiy pánler boyınsha 7 uqıplılıq dárejesine bólingen bolıp, bunda qatnasıwshı oqıwshılardıń 80% ti 2-dárejeden tómen kórsetkish kórsetken. Bulardan 32% ti 1b-dárejege, 42% ti 1a-dárejege juwap bergen. Matematika páni boyınsha oqıwshılardıń kórsetkishleri 8 uqıplılıq dárejesine bólingen bolıp, qatnasıwshılardıń 80% ti 2-dárejeden tómen bolǵan. Bul nátiyjelerdi analizlep kórgenimizde qatnasıwshılardıń 35% ti 1b-dárejede, 32% ti 1a-dárejege juwap berilgen. 2-dáreje oqıwshılardıń jámiyette tolıq qatnasıwı ushın kerekli eń tómen dárejelerden esaplanadı[3].

Usı baǵdarlama boyınsha maqsetli kórsetkishlerde 2030-jılǵa kelip aldıńǵı qatardaǵı 30 mámleketler qatarına erisiw maqset etip belgilengen. Usı maqsetke erisiw ushın xalıqaralıq tájiriybelerden keńnen paydalanıw jaqsı nátiyje beredi. Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministriniń 2024-jıl 29-maydaǵı «Xalıqaralıq tájiriybe tiykarında ulıwma orta bilimlendiriw mektepleri oqıtıwshıların kásiplik rawajlandırıw hámde oqıwshılardıń anıq hám tábiyiy pánler boyınsha bilimlerin arttırıw haqqında»ǵı 177-sanlı buyrıǵı menen Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi hám Singapurdıń "Marshall Cavendish Education" shólkemi menen dúzilgen shártnama tiykarında xalıqaralıq konferentsiya shólkemlestiriw, oqıw seminarların ótkeriw, bularda qatnasıwshı aymaqlar kesiminde master hám trener oqıtıwshılar, koordinatorlar dizimin qáliplestiriw, ótkerilgen oqıwlardı kaskad usılında dawam ettiriw hám mekteplerge engiziw wazıypaları belgilendi[4].

Singapur bilimlendiriw sisteması qanday isleydi? Oqıtıwshılarǵa qoyılatuǵın talaplar qanday? Oqıwshılardı qızıqtırıwda qanday metodikalardan paydalanıladı? Mámlekette bilimlendiriwdiń jetiskenligin támiyinlep turǵan qanday faktorlar bar? Bul sorawlar búgingi kúnde bárshemizdi qızıqtırıwı tábiyiy.

Búgingi kúnde mámleketimizde ulıwma bilim beriw mekteplerine xalıqaralıq tájiriybeler, atap aytqanda, Singapur mámleketi tájiriybesin engiziw boyınsha jumıslar alıp barılmaqta. Biz óz maqalamızda Singapurda bilimlendiriw sisteması hám onıń jetiskenligin támiyinlep turǵan abzallıq tárepleri haqqında sóz etemiz.

Qubla-Shıǵıs Aziyadaǵı kishi Singapur atawındaǵı bilimlendiriw sisteması dúńyada eń jaqsı dep tán alınǵan sistemalardan biri esaplanadı. Balalar anıq pán hám matematika pánleri boyınsha ótkeriletuǵın olimpiadalarda, PISA xalıqaralıq baǵdarlaması sınawlarında eń joqarı nátiyjelerge erisip kelmekte. Singapurlıq oqıwshılar kreativlik hám kollaboraciyanı jaslıǵınan úyrenedi, nátiyjede miynet bazarında qádirli kadrlarǵa aylanadı [5].

Singapurda bilimlendiriw sisteması basqa mámleketlerde bolǵanı sıyaqlı, mámlekette tálim dárejelerge bólingen: bular baslanǵısh, orta hám joqarı mektepler. Baslanǵısh mektepte oqıwshılar altı jıl oqıydı, bunda olarǵa dáslepki tórt jıl dawamında inglis tili úyretiledi, aziya tillerinin birewin, ádebiyat, matematika, sotsiallıq hám kórkem óner pánlerin úyrenedi, dene tárbiyası menen shuǵıllanadı. Keyingi eki jılda olar ózleriniń qızıǵıwshılıǵı joqarı bolǵan qosımsha pánlerdi tańlaydı. Balalar sonıń menen birge kodlaw, puqaralıq, kiberqáwipsizlik hám salamatlıq boyınsha sabaqlarǵa qatnasıwı múmkin.

Altınshı klasstıń aqırında oqıwshı imtixan tapsıradı hám eki baǵdardan birine kiredi:

1. Ekspress baǵdar – úyreniwdiń tezlestirilgen rejimi;
2. Eki bólekke bólingen ápiwayı baǵdar:

- akademiyalıq (gumanitar pánlerge itibar - anglichan tili, ana tili, matematika, tábiyiy pánler (fizika, biologiya, geografiya hám tariyxtı óz ishine aladı);

-texnikalıq (informatikaǵa kóbirek itibar qaratıw, mısalı, programmalastırıw).

Joqarǵı klasslarda oqıw 1-3 jıl aralıǵında dawam etedi. Bul Britaniya tálim sistemasına muwapıq isleydi. Universitetke kiriw ushın A-dárejesinde imtihanlarındı tapsırıw kerek boladı. Mámleketimizdegi sıyaqlı Singapur mámleketinde de kolledjler hám texnikumlar bar.

Singapurda hár qanday jańalıq durıs qabıl etiledi hám tálim alıwshılar jańa sharayatlarǵa turaqlı beyimlestirilip barıladı. Máselen, oqıtıwshılar sabaqta mobil` telefonlardan paydalanıwdı qadaǵan etiw ornına, olardan paydalanıwdı úyreniwdi jáne de qızıqlı etiw usılların usınadı. Balalar qol kóteriw ornına Twitterde oqıtıwshılarǵa juwap beredi yamasa oqıwshılar telefonda ayrım programmalardaǵı viktorinalarda qatnasadı hám nátiyjeler doskada kórsetiledi.

Mámlekette xalıqaralıq tájiriybege itibar qaratıwǵa ayrıqsha kewil bólingen. Bul boyınsha Singapur bilimlendiriw ministrligi qaysı mámleketlerdiń bilimlendiriw tarawında jetekshi ekeni, olardan nelerdi úyreniw múmkinligi hám

qaysı standartlarǵa itibar qaratıwdı jaqsılaw kerekligin turaqlı baqlap baradı hám jetiskenliklerdi engizedi.

Mekteplerde bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw maqsetinde oqıtıwshılarǵa joqarı talaplar qoyıladı. Singapurdıń aymaqlıq ministrlikleri hám bilimlendiriw departamenti oqıtıwshılardıń sapalı qánigeligin arttırıwına hám olardıń kásiplik kónlikpeleri, qábiletleri hám bilimlerin rawajlandırıwǵa úlken qarjı sarplaydı. Sol sebepli de oqıtıwshılarǵa joqarı talaplar qoyılıp, bul olardıń turaqlı túrde sheberligin arttırıwına óziniń járdemin tiygizedi.

Singapurda bilimlendiriwde oraylastırılǵan sistema jumıs isleydi. Bunda bilimlendiriw ministrligi mekteplerdiń iskerligin jaqsılaw boyınsha jobalar islep shıǵadı, barlıq mektepler ushın birden-bir standartlardı ornatadı, olardı finanslıq támiyinlewdi basqaradı, pánlerdiń mazmunın, imtixan tártibin, oqıtıwshılardı, direktorlardı jumısqa alıw hám olardıń mamanlıǵın arttırıp barıwın turaqlı qadaǵalawdı ámelge asıradı. Ministrlik sonıń menen birge, kem támiyinlengen shańaraqlardıń perzentlerine tuwrıdan-tuwrı subsidiyalar ajıratadı hám olarǵa mektepte biypul awqatlanıw hám oqıw materialların alıw múmkinshiligin beredi.

Mekteplerde tálim alıwshılardıń ózbetinshe jumıs islewine ayrıqsha kewil bólingen. Singapurlıq oqıtıwshılardıń atap ótiwinshe, balalar jańa oqıw materialın erkin túrde ózlestiriwi kerek. Sabaq barısında juplıqta islewde oqıtıwshıda oqıwshı wazıypasın atqara aladı. Oqıtıwshı juwaplardı tıńlaydı hám kerek jerinde olardı dúzetedi. Bala belgili bir algoritm boyınsha islewge, oqıtıwshınıń basshılıǵında háreketlerdi orınlawǵa ádetlenedi.

Singapurda oqıtıw usılı jumıs hám turmıs ushın zárúrli bolǵan kónlikpelerge, ásirese, keleshekte járdem beretuǵın kónlikpeler esaplanǵan qarım-qatnas, sheriklik, sınlı pikirlew hám dóretiwshilikti rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Sondayaq, balalar, eger qálese, ózleriniń rawajlanıwına úles qosatuǵın qosımsha shınıǵıwlarǵa da qatnasadı.

Teatr dógereklerinde oqıwshılardıń sóylew kónlikpelerin rawajlandıradı hám bir-biri menen óz-ara qatnasın jaqsılaydı. Bunnan tısqarı, balalar óz ideyaları hám pikirlerin anıq aytıwdı úyrenedi. Balalar yogası dem alıwǵa hám stressten shıǵıwǵa járdem beredi, sonıń menen birge, balalardıń maǵlıwmattı qabıl etiw kónlikpesi hám dıqqatın asıradı.

Matematika dógerekleri bolsa oqıwshılarda logikalıq hám sınlı pikirlewdi rawajlandıradı. Miydiń shep hám oń yarım sharların rawajlandırıw programması sóylewdi jaqsılaydı hám kóp qırlı pikirlewdi qáliplestiredi. Solay etip, analitikalıq pikirlew jaqsılanadı, bul maǵlıwmattı eslep qalıw hám kritikalıq kózqarastan túsiniwge járdem beredi. Dóretiwshilik pikirlew, yaǵnıy standart bolmaǵan

pikirlew kónlikpelerin rawajlandıradı, qálipten tısqarıǵa shıǵıw qábileti, fantaziya hám oyda sawlelendiriw rawajlanadı.

Oqıtıwshılar oqıwshılardı óz klasslaslarına bolǵan húrmetke, sıylasıqqa úyretedi, olarda hámme menen teń huqıqlılıq sezimin qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratadı.

Oqıwshılardıń bilimleri boyınsha bahaları tek ǵana imtixanlar yamasa test sınaqlarında belgilenbeydi. Oqıtıwshılar qayta baylanıs ornatıp oqıwshılardıń unamlı yamasa unamsız minez-qulqına turaqlı túrde dıqqat awdaradı hám bul maǵlıwmatlardı ata-analar menen bólisedi. Bul háreketlerde ata-analardıń óz perzentiniń keleshegine bolǵan juwapkershiligin arttırıwǵa óziniń járdemin tiygizedi.

Singapur oqıtıw usılınıń jetiskenligi-bul azıraq oqıtıw, kóbirek úyreniwge qaratılǵan. Singapur bilimlendiriw sistemasınıń basqa mámleketlerden tiykarǵı ayırmashılıqlarınan biri oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıwı bolıp tabıladı. Bunıń ushın 250 den aslam usıllar bar bolıp, biz óz maqalamızda olardan 16 tiykarǵı usıllar haqqında maǵlıwmat beremiz. Hár bir usıldıń qatań ramkası hám atı bar:

1.Managemate (basqarıw, "klasstı basqarıw") - tórt oqıwshı eki baylanısqan stolda bir-birine karsı otıradı. Bunday otırıw tártibi menen balalar serik boladı: júzbe-júz otırǵanlar "júz sherikleri", bir-birinin qasında otırǵanlar bolsa "jelkedegi sherikler" esaplanadı. Olar birgelikte bir topar boladı. Stollar oqıtıwshı stolınan uzaǵıraqqa nur arqalı jaylasadı hám balalardıń hesh biri oqıtıwshıǵa arqasın qaratıp otırmaydı, bul júdá áhmiyetli.

2.High Five (Qoldın bes barmaǵın koteriw). Bul usıl sabaq basında oqıtıwshı tárepinen qollanılıp, oqıwshılar oqıtıwshınıń alaqanına itibar qaratıwdı hám tınıshlıqtı talap qılıwdı ańlatadı. Ol "Xay fayv!" sóz dizbegin aytadı hám qolın kóteredi. Buǵan juwap retinde oqıwshılarda qolın kóterip oqıtıwshıǵa qaraydı. Bul oqıwshılardıń dıqqatın oqıtıwshıǵa qaratıwǵa úyretedi hám olardı tapsırmalardı úyreniwge shaqıradı.

3.Jot Thoughts – (qısqa pikir) oqıtıwshı ulıwma temanı oqıtıwshıǵa usınıs etedi hám tapsırma beredi: tórt sózdi úlken betke jazıw. Bir qaǵazǵa tek bir sóz jazıw. Oqıwshılar óz tezliginde isleydi. Bul hár bir toparǵa 16 sózden ibarat dizimdi jazıw imkaniyatın beredi.

4.Clockbuddies (saatlaslar)- bul usıl úyge berilgen tapsırmanı tekseriw hám sorawlardı talqılawda qollanıladı. Hár bir oqıwshı qaǵazǵa waqıttı hám kim menen ushırasıwdı qáleytuǵınıń kórsetedi. Diskussiya bolatuǵın juplıqlar usınday tártpte qáliplestiriledi.

5.Tic-Tac-Toe (Крестики-нолики). Bul texnika járdeminde balalarda kritikalıq hám dóretiwshilik pikirlew rawajlanadı. Oqıwshılar oqıtıwshı tárepinen tayarlanǵan kesteden úsh sóz alıp, sonıń tiykarında gápler dúzedi.

6.Stir the Class (hárekette úyreniw). Bul usılda oqıtıwshı oqıwshılarǵa basqa topar menen juwap almasıw hám olardı jazıw ushın klass xanası boylap háreketleniw imkaniyatın beredi.

7.Corners (qońsı múyeshler). Oqıwshılar ózleri tańlaǵan juwap variantın esapqa alǵan halda klass múyeshlerine tarqaladı, keyinala dúzilgen toparlarda tapsırmalardı orınlaydı.

8.Simultaneous round table (bir waqıttıń ózinde dóńgelek stol sáwbeti). Oqıwshılar tórt adamlıq toparlarǵa bólinedi, olardıń hár biri bir tapsırmanı orınlaydı hám óz jumısın partalasına tekseriw ushın tapsıradı.

9.Quiz-Quiz-Trade (viktorina-viktorina-sawda). Oqıwshılar qaǵaz betin úshke bólip, oqıtıwshı tárepinen daǵazalanǵan tema boyınsha soraw jazadı. Keyin olar sorawǵa juwap beredi hám onı bettiń bir bólegi menen jabadı. Oqıtıwshınıń signalına kóre, bala kóterilgen qolı menen sherik tabıwı kerek, keyininen sorawlar hám juwap kartaları menen almasıwı kerek. Bunnan soń usı tárizde tsikl tákirarlanadı.

10.Timed-Pair-Share (waqıtlı juplıqqa bóliw). Bul usılda eki oqıwshı belgilengen waqıt ishinde tapsırmaǵa tolıq juwap beredi.

11.Mix-Pair-Share (aralasıw-juplasıw-bólisiw). Klasstaǵı oqıwshılardı muzıka menen aralastırıp, tosattan juplıqlar payda etiw. Oqıwshılar berilgen temanı talqılaydı.

12.Mix-Freeze-Group (aralasıw-qatıp qalıw toparı). Oqıwshılar muzıka járdeminde bir-biri menen aralasadı. Pauza waqtında hámme toqtap qaladı hám temanı talqılawǵa toparlar jaratadı. Toparlar sanı oqıtıwshı tárepinen beriletuǵın sorawlarǵa baylanıslı.

13.Team Cheer (jámááttiń quwanıshı) - oqıwshılardıń keypiyatın kóteriw hám qayta jumısqa túsiriwge járdem beretuǵın fizikalıq shınıǵıwlar.

14.Takeoff (sheshiw, ushıp ketiw). Bul usıl hár bir oqıwshıǵa ózin klasqa tanıstırıw yamasa oqıwshılardan qandayda bir maǵlıwmat alıw ushın qollanıladı. Oqıwshılar oqıtıwshınıń gápine razılıq beriw (turıw) yamasa razı bolmaw (otırıwdı dawam etiw) arqalı juwap beredi.

15. RoundTable (dóńgelek stol sáwbeti). Topardıń barlıq aǵzaları gezekpe-gezek bir bet qaǵazda jazba jumıslardı orınlaytuǵın texnika.

16. Rally Robin (Robin jarısı). Oqıwshılar juplıqta jumıs isleydi hám bir-biri menen qısqa juwaplar dizimin almasadı.

Singapur metodologiyası Foksford onlayn mektebinde tolıq emes kóriniste qollanıladı.

Singapur bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı ózgeshelikleri sıpatında tómendegilerdi qosımsha etip keltiriw múmkin:

-birinshisi- oqıw baǵdarlaması.Oqıw baǵdarlaması júdá hám puxta islep shıǵılǵan keleshekke mólsherlengen, zaman talabına juwap beretuǵın bolıwı lazım.

-ekinshisi-bul maman oqıtıwshılar, mektep menedjmenti hám resurslar támiynatı. Bul mekteplerdegi oqıwshılardıń oqıtıw protsesiniń sapası, mektep liderleriniń tájiriybesine, uqıplılıǵına baylanıslı.

-úshinshisi-bul tájiriybe hám pikir almasıw sisteması.

Singapur tájiriybesin úyreniw hám mekteplerge engiziw arqalı bilimlendiriwde jetiskenliklerge erisiw imkaniyatları joqarı esaplanadı. Sebebi, bul mámleket tájiriybesinde oqıtıwshılarǵa qoyılatuǵın talaplar júdá joqarı dárejede belgilengen. Bul talaplar tiykarında oqıtıwshılar oqıwshılardı sabaqqa qızıqtırıwǵa ayrıqsha kewil bóledi, eń nátiyjeli dep esaplanǵan oqıtıw usıllarınan paydalanadı. Oqıtıwshılar oqıwshılarǵa tayar bilimlerdi emes, al ózlerin sol bilimlerdi izlep tabıwǵa, úyreniwge baǵdarlaydı, úyrengen teoriyalıq bilimlerin ámeliyat penen baylanıstırıwǵa úyretedi, turmıslıq bilimler beriwge úlken itibar qaratıladı.

Juwmaqlap aytqanda hár qanday xalıqaralıq tájiriybe óziniń ózinsheligi menen ajıralıp turadı. Bul tájiriybelerdi engiziw bizge ne beredi? Xalıqaralıq tájiriybelerdi engiziwde olardıń jıllar dawamında erisken jetiskenlikleri hám kemshilikleri úyreniledi. Olardıń jetiskenlikleriniń sırların ózimizde engiziw boyınsha imkaniyatlarımızdı esapqa alǵan halda baǵdarlar belgilenip alınadı. Bul bizge waqıttan utımlı paydalanıw imkaniyatın jaratadı. Jol qoyılǵan kemshiliklerde tereń analizlenip, bul boslıqlardı keleshekte boldırmaw ilajları islep shıǵıladı hám bulda keleshek jobalarımızda óz kórinisin tabadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Олий Мажлиске мүрәжаты Т.2020

2.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 29 апрелдаги “Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида”ги 5712-сон Фармони

3.PISA 2022 natijalari (1-jild) OECD 2023 b. 89, 90, 101, 103

4.O‘zbekiston Respublikasi Maktabgasha va maktab ta’limi vazirining 2024 yil 29 maydagi «Xalqaro tajriba asosida umumiy o‘rta ta’lim maktablari o‘qituvchilarini kasbiy rivojlantirish hamda o‘quvchilarning aniq va tabiiy fanlar bo‘yicha bilimlarini oshirish to‘g‘risida»gi 177-son buyrugı

5.Алишев Т. Б., Гильмутдинов А. Х. Опыт Сингапура: создание образовательной системы мирового уровня // Вопросы образования. 2010. №4. С. 230.